**दिन– गुरूवार** **दिनांक–02.01.2025**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

नव नियुक्त राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खान आइ बिहारक बियालीसम राज्यपालक रूप मे पद के शपथ लेलनि। पटनाक राजभवन मे आयोजित एक समारोह मे पटना उच्च न्यायालयक मुख्य न्यायाधीश न्यायामूर्ति के. विनोद चंद्रन हुनका पद के शपथ दियौलनि। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा, नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव, विधानसभा अध्यक्ष नंदकिशोर यादव आ विधान परिषदक सभापति अवधेश नारायण सिंह सहित कतेको आन गणमान्य लोकनि सेहो उपस्थित छलाह। आरिफ मोहम्मद खान एहि सँ पहिने केरल के राज्यपाल छलाह। ओ राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर के स्थान लेलनि अछि। जिनका केरल के राज्यपाल बनाओल गेल अछि।

---

राजद अध्यक्ष लालू प्रसाद द्वारा मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के महागठबंधन मे सम्मिलित हेबाक आमंत्रण के बाद राजनीतिक बयानबाजी तेज भऽ गेल अछि। लालू प्रसाद कहने छलाह जे ओ नीतीश कुमार के क्षमा कऽ महागठबंधन मे सम्मिलित कऽ लेताह। एहि सँ पहिने राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव कहने छलाह जे कोनो परिस्थिति मे नीतीश कुमार के महागठबंधन मे सम्मिलित नहि कयल जायत। एहि मध्य भाजपाक वरिष्ठ नेता आ उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि अछि जे एहेन राजनीतिक बयानक कोनो आधार नहि अछि। ओ कहलनि जे लालू प्रसाद एनडीए के बढैत ताकत सँ डरि गेल छथि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना सँ अवैध खनन के जनतब देबऽवला लोकसभ बैंक खाता मे पुरस्कारक राशि अंतरित कयलनि। ओ चौबीस एहेन लोक सभक बैक खाता मे राशि पठौलनि जे अवैध खनन के जनतब देने छलाह। एहि अवसर पर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा सेहो उपस्थिल छलाह। विदित अछि जे विगत दिन राज्य सरकार अवैध खनन के सूचना देबऽवला लोक सभ के पुरस्कृत करबाक निर्णय कयने छल।

———————————————————————

उपमुख्यमंत्री सह खान आ भू–तत्व विभागक मंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि अछि जे पछिला वर्ष छओ अगस्त सँ एकतीस दिसम्बर धरि चौबीस गोटा अवैध खनन के जनतब देने छल। ओ कहलनि जे एहि आधार पर विभाग बासठि ट्रैक्टर आ दू हाईवा जब्त कयलक अछि। संगहि एक करोड़ नओ लाख टाका सँ बेसी के राशि जुर्माना के रूप मे असूलल गेल। ओ कहलनि जे लोक सभ विभागीय नंबर पर अवैध खनन हेबाक जनतब दऽ सकैत छथि।

———————————————————————

समस्तीपुर रेल मंडल मे बिना टिकट यात्री सभक विरूद्ध चआओल गेल विशेष अभियान के अंतर्गत चालू वित्तीय वर्ष मे चारि लाख सतहत्तरि हजार यात्री सभ के पकड़ल गेल। अपर मंडल रेल प्रबंधक आलोक कुमार झा जनौलनि जे बिना टिकट यात्री लोकनि सँ जुर्माना आ किराया के रूप मे बतीस करोड़ चौसठि लाख टाका असूलल गेल। ई पूर्व मध्य रेलवे के एक रिकॉर्ड अछि।

———————————————————————

बिहार लोक सेवा आयोग द्वारा आयोजित सत्तरम एकीकृत संयुक्त प्रारंभिक प्रतियोगिता परीक्षा निरस्त करबाक मांग कऽ रहल अभ्यर्थी लोकनिक आइ सेहो पटना मे धरना प्रदर्शन जारी अछि। एहि मध्य अभ्यर्थी लोकनिक मांग के समर्थन मे जन सुराजक संस्थापक प्रशांत किशोर पटनाक गांधी मैदान मे धरना पर बैसि गेलाह अछि। ओ कहलनि जे अभ्यर्थी लोकनिक मांग पूरा हेबा धरि हुनक धरना–प्रदर्शन जारी रहत।

———————————————————————

भारतीय ओलंपिक संघ– आईओए बिहार ओलंपिक संघ के भंग कऽ देलक अछि। आईओए जांच समिति के अध्यक्ष हेमंता कुमार कलिता के अनुशंसाक आधार पर ई कार्रवाई कयलक अछि। आईओए पांच सदस्यीय तदर्थ कमिटी के गठन सेहो कयलक अछि।

———————————————————————

प्रदेशक सरकारी विद्यालय सभ मे आइ सँ खेल सप्ताह के शुरूआत भेल नओ जनवरी धरि चलऽवला एहि खेल सप्ताह मे शिक्षक आ कर्मी लोकनि सम्मिलित हेताह। शिक्षा विभागक सचिव वैद्यनाथ यादव एहि संबंध मे सभ जिला शिक्षा पदाधिकारी लोकनि के आदेश जारी कयलनि अछि।

---

पछुआ हवा के प्रभाव सँ बेसीतर भाग मे ठंडा लगातार बढ़ि रहल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार आइ राज्यक उत्तरी आ दक्षिणी भाग मे किछु ठाम शीत दिवसक स्थिति बनल अछि। पछिला चौबीस घंटा मे चारि दशमलव चारि डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमान के संग डेहरी आ बांका राज्यक सभ सँ ठंडा स्थान रहल मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला दू दिनक दरमियान तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन हेबाक संभावना नहि अछि।

---

सहरसा जिलाक वनगांव मे एक तेज गति ट्रक के चपेट मे अयला सँ ऑटो रिक्शा पर बैसल दू गोटे के मृत्यु भऽ गेलनि। एहि हादसा मे चारि आन गोटा घायल सेहो भऽ गेलाह। ओतहि जिलाक सिमरी बख्तियारपुर थाना क्षेत्रक रानीबाग मे एक तेज गति ट्रैक्टर के चपेट मे अयला सँ ऑटो रिक्शा सवार एक बच्ची के मृत्यु भऽ गेल जखन कि छओ आन गोटा घायल भऽ गेलाह।

गोपालगंज जिलाक बरौली थाना क्षेत्र सुरबल गाम स्थित चिमनी भट्ठा मे खेनाय बनेबाक दरमियान गैस सिलेण्डर मे बिस्फोट भेला सँ छओ मजदूर घायल भऽ गेल।

नालंदा जिला हिलसा थाना क्षेत्रक योगीपुर बाजार मे कपड़ाक एक दोकान मे शॉर्ट–सर्किट सँ आगि लागि गेलाक करण लगभग दस लाख टाका मूल्यक संपत्ति जरि कऽ नष्ट भऽ गेल।

---

समाप्त